**दिन–मंगलवार** **दिनांक–09.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह काल्हि औरंगाबाद मे पार्टी प्रत्याशी सुशील कुमार सिंहक समर्थन मे एक टा चुनावी सभा के संबोधित करताह। चुनावक घोषणा के बाद हुनक ई बिहारक पहिल दौरा होयत। पहिने सँ निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार श्री शाह आइ बिहार आबऽबला छलाह, मुदा हुनक कार्यक्रम मे परिवर्तन कयल गेल अछि।

---

राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव गया के चाकंद मे पार्टी प्रत्याशी कुमार सर्वजीतक समर्थन मे एक चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकारक नीति के कारण देश आई संकट के दौर से गुजरि रहल अछि। श्री यादव कहलनि जे देशभरि मे बेरोजगारी आ महगाई बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे एनडीए सरकार मे युवा लोकनि हतोत्साहित छथि। एहि चुनावी सभा के विकासशील इंसान पार्टीक मुकेश सहनी सेहो संबोधित कयलनि।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरणक भोटक लेल बारह अप्रील के अधिसूचना जारी कयल जायत। एहि चरणक अतंर्गत झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया संसदीय क्षेत्र मे भोट खसाओल जायत। उम्मीदवार उनैस अप्रील धरि नामांकन पत्र दाखिल कऽ सकताह। ओतहि, नामांकन पत्रक जांच बीस अप्रील कँ होयत। नाम आपस लेबाक अंतिम तिथि बाईस अप्रील निर्धारित कयल गेल अछि। भोट सात मई कँ खसाओल जायत। एम्हर, दोसर चरणक लोकसभा चुनावक लेल पचास उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। भागलपुर आ किशनगंज सँ बारह–बारह, बांका सँ दस कटिहार सँ नओ आ पूर्णिया सँ सात उम्मीदवार लोकनिक चुनावी भाग्यक निर्णय होयत। एहि सीट सभक लेल छब्बीस अप्रील के भोट खसाओल जायत।

---

शक्ति स्वरूपा देवी दुर्गाक अराधना आ अनुष्ठान चैति नवरात्रि आई सँ शुरू भऽ गेल। अनुष्ठानक पहिल दिन आई माँ दुर्गाक शैल पुत्री स्वरूपक पूजा अर्चना कयल जा रहल अछि। हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि जे प्रदेश भरि मे भोरहि सँ मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे श्रद्धालु लोकनिक भीड़ देखल जा रहल अछि। भक्त लोकनि अपन घर मे सेहो कलश स्थापना कऽ पूजा–पाठ कऽ रहल छथि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के नवरात्रि के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

ओतहि, आई सँ हिन्दू नव वर्षक सेहो शुभारंभ भऽ गेल अछि। प्रतिवर्ष चैत मासक शुक्ल पक्षक प्रतिपदा तिथि सँ हिन्दू नववर्ष शुरू होयत अछि। चैत शुक्ल प्रतिपदा के वर्षक पहिल दिन मानैत देश भरि मे काल गणना कयल जायत अछि।

———————————————————————————

देशभर मे आई ईद के चाँद देखल जयबाक संभावना अछि। पावनि मास रमजान के आई उनतीसम रोजा अछि। आई जँऽ चाँद देखना जायत अछि तऽ काल्हि ईद–उल–फितर के पावनि मानाओल जायत। ईमारते –ए –शरिया  फुलवारी शरीफ, एदारे शरिया, पटना सहित विभिन्न धर्मिक संस्थान लोक सभ सँ चाँद देखबाक अपील कयलक अछि। ईमारते–ए–शरियो फोन नंबर– नओ –चारि–तीन–एक–पांच–शून्य–सात–आठ–शून्य–शून्य जारी कऽ लोक सभ सँ चाँद सँ संबंधित संवाद साझा करबाक लेल कहलक अछि।

———————————————————————————

चक्रवातीय परिसंचरणक प्रभाव सँ प्रदेश भरि के मौसम मे परिवर्तन आयल अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत बेसी ठाम मेघ लागल रहबाक आ छिटपुट बर्षा भेला सँ उच्चतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि अवधि मे उनचालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग मधुबनी राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चारि सँ पांच दिनक भीतर राज्यक उच्चतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक क्रमिक वृद्धि भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

सीवान–गोरखपुर मुख्य रेलखंड पर मैरवा के सुमेरपुर ओवरब्रिज के ट्रेनक चपेट मे अयला सँ चारि गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक लोकनि मे दू बच्चा आ दू महिला छथि।

पुलिस जनौलक जे रेलवे ट्रैकक दिस भागि रहल बच्चा सभ के बचेबाक प्रयास मे ट्रेनक चपेट मे अयला सँ ई हादसा भऽ गेल।

---

रोहतास जिलाक कच्छवां थाना क्षेत्रक इब्राहिमपुर गाम मे एक घर मे आगि लागि गेला सँ एकहि परिवारक छओ गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक मे दू महिला आ चारि बच्चा सम्मिलत छथि।

पश्चिम चंपारण जिलाक नरकटियागंज के वार्ड नंबर चौबीस आ बगहा के चैनपुर रतवल गाम मे अगिलग्गी के घटना मे आध दर्जन सँ बेसी घर जरि कऽ छाऊर भऽ गेल। ओतहि शिवहर जिलाक तरियानी प्रखंडक हिरम्मा गाम मे आगि लागि गेला सँ आधा दर्जन सँ बेसी घर जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

---

मधुबनी जिलाक रूद्रपुर थाना मे प्रशिक्षु पुलिस अवर निरीक्षक सुरभी पांडेय सड़क हादसा मे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलीह। बाद मे हुनक ईलाजक क्रम मे मृत्यु भऽ गेलनि। एम्हर, मुंगेर रेल इंजन कारखाना के लऽग एक ट्रैक्टर के चपेट मे अयला सँ रेलकर्मी सरोज चौधरी के मृत्यु भऽ गेलनि।

मधुबनी के जयनगर सँ एस.एस.बी के जवान लोकनि तीन लाख बीस हजार नेपाली मुद्रा के संग माँ– बेटा के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।